<u>मैथिली भाषा पोस्ट -</u>मिथिला ग्राम-पंचायत के युबा पीढ़ी के नाम NRI क चिट्ठी

मिथिला क युबा पीढ़ी,
प्रशांत किशोर जी एक अनुभबी, सम्मानित, राजनीतिक रणनीतिकार छैथ। ओ दक्छिन बिहार-पुत्र छैथ I अपन सफल कैरियर के बाद आब बिहार क सोच बदलs के काज में लागल छैथ।

हम हिनकर पद-यात्रा आ गतिबिधि के अक्टूबर २०२२ सं यूट्यूब आ अख़बार के माध्यम सं देख रहल छी। जखन पूर्ण बिश्वास भ गेल जे ई सही छैथ, त आब गामक युबा पीढ़ी के जुड़बाक आह्वान क रहल छी।

शोर्ट में लोक हिनका पी.के. के नाम सं चिन्हैत छैन। अहूँ सब एही नाम सं सम्बोधन करियोंन। ई हर पंचायत में युबा नेता तैयार करs में लागल छैथ।

- यदि अहाँ में कम्युनिटी लीडर बनs के रूचि अछि;;
- अहाँ हाई स्कूल पास केने छी आ गाम में रहs के प्लान बनौने छी ;
- मन में इच्छा होइत अछि जे हमहूँ गामक मुखिया सरपंच बनी ;
- यदि लगैत हुए जे सरकार के बदलल जेबाक चाही;
- यदि लगैत हुए जे अहाँ गामक गरीब-गुरबा के मदद क सकैत छियै ;
- यदि लगैत हुए जे गाम में युबा के लेल खेल-कूद के ब्यबस्था होइ ;
- यदि लगैत हुए जे अहाँक परिबार,टोल आ गाम में ढेरी इंजीनियर डॉक्टर ,अकॉउंटट, बिज़नेस मैन सब हुए ;

त अगु आउ आ एकटा क्लब बनाऊ जेना कि आदरणीय प्रशांत किशोर जी निचला वीडियो में बुझा रहल छैथ। आगू बढ़ि क हुनकर पैघ आर्गेनाईजेशन सं जुरु, सीखू आ फेर बाद में चुनाव लरनाइ सेहो सीखू। इ बर पैघ अबसर अहाँ के सामने में अछि आ अहाँ स्वेच्छा सं आगू आउ। हम सेहो संग देव।

एहि में किछु शर्त सेहो छै जेना की:
- अहाँ समाज सेवी बनै के क ट्रेनिंग सं जुरि रहल छे, जातिबाद आ धर्मबाद के ग्रुप सँ नै ;
- ई काज ईमानदार लोक लेल छै, छोर-चुहार लेल नै ;
- यदि एहि में घुईस क धनिक बनबाक सपना हुए त नै औ, तुरते पकड़ा जैब।
- स्वेच्छा सं अपने जुरु आ अनको जोरू , कोनो प्रकारक दबाब नै छै आ ने किनको दियोंन।
- कोनो प्रश्न, एडवाइस, कोचिंग के लेल जन सुराज टीम के संपर्क करियौक।
- क्लब के सब एक्टिविटी के रिपोर्ट जन सुराज टीम के दियौक।

युथ क्लब कोना बनेब से निचा के यू**Tube video** देख क बुझू आ तखन जन सुराज टीम के फ़ोन क शुभ कार्य शुरू करू।

संलग्न:

(१) यूथ क्लब के सदस्यों के साथ Prashant Kishor की बातचीत:
https://www.youtube.com/watch?v=8blBt-LUFYk
(२) जन सुराज टीम का वेबसाइट
www,janswaraaj.org

(३) टेलीफोन संपर्क : ९१२१६ ९१२१६